

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



Nama :

No. :

SUMATIF AKHIR TAHUN (SAT) PADA SEMESTER GENAP
MADRASAH IBTIDAIYAH FIE SABILIL MUTTAQIEN
TAHUN PELAJARAN 2025/2026

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Hari / Tanggal	:
Kelas	: VI (Enam)	Waktu	:

I. Pilihlah salah siji wangsulan kang bener !

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan angka 1-5

Taman Selecta

Anane papan wisata Selecta Batu Malang pancen wis suwe, nanging ora nyuda niat para wisatawan teka ing papan iki. Kang dadi salah sawijining daya tarike awujud taman bunga. Jam buka taman bunga Selecta Malang wiwit tabuh 6 esuk lan tutup tabuh 6 sore. Alamat Taman Selecta ana ing Desa Tulungrejo, Kecamatan Batu Aji, Kutha Batu, Malang. Yen saka pusat Kutha Malang udakara 25 km, dene saka pusat Kutha Batu iku mung udakara 4 km. Kurang luwih para tamu bisa nempuh 2 jam perjalanan saka Kutha Surabaya lan 1 jam saka punjere Kutha Malang menawa arus lalu lintas normal. Taman iki cocog kanggo pariwisata nalika prei sekolah utawa piknik karo kulawarga ing pungkasan Minggu. Sing narik kawigaten Taman Selecta, yaiku hawa sing seger, taman sing endah lan resik, saengga para pengunjung rumangsa betah. Ana uga wahana wisata kayata sky bike, waterpark, wahana numpak jaran, bioskop 4 D, prau ayun, lan pasar kembang. Taman Selecta uga wis dadi tujuan pariwisata manca kayata turis saka Walanda, Malaysia, Korea, Jepang, Taiwan, lan Singapura. Iki dadi bukti yen Indonesia dadi tujuan turis sadonya, amarga duwe kaendahan alam kang linuwih.

1. Kang dadi salah sawijining daya tarike wisata Selecta Batu Malang awujud
 - a. pantai pasir putih
 - b. taman edukasi
 - c. taman bunga
 - d. museum
2. Miturut wacan kasebut, Taman Selecta cocog kanggo segmentasi pariwisata
 - a. karyawan pabrik minangka acara gathering
 - b. nalika prei sekolah utawa piknik karo kulawarga ing akhir Minggu
 - c. nalika prei lebaran lan dina riyaya liyane
 - d. sapa wae sing butuh prei saben wayah
3. Ing ngisor iki klebu alesan sing narik kawigaten wisatawan betah plesiran menyang Taman Selecta, kajaba
 - a. hawa sing seger
 - b. taman sing endah
 - c. tiket sing murah
 - d. taman sing resik

4. Ing ngisor iki pranyatan kang trep miturut wacan kasebut, yaiku
 - a. anane papan wisata Selecta Batu Malang pancen lagi wae
 - b. kang dadi salah sawijining daya tarikan wisata Selecta Batu Malang awujud museum
 - c. alamat Taman Selecta ana ing Desa Tulungrejo, Kecamatan Batu Aji, Kutha Batu, Malang
 - d. taman Selecta mung dadi tujuan pariwisata lokal lan nasional
5. Ing Kutha Malang hawane
 - a. gemericik
 - b. ijo royo royo
 - c. adhem
 - d. panas
6. Isine mung khayal alias ora nyata utawa mokal anane, iku titikane crita rakyat kang sinebut
 - a. anonim
 - b. imanitatif
 - c. irasional
 - d. kolektif
7. Gethok tular tegese
 - a. disebarake kanthi cara lesan
 - b. disebarake kanthi tulisan
 - c. tekan mancanagara
 - d. disiyarake ing radio
8. Sing klebu unsur intrinsik crita rakyat, yaiku
 - a. alur
 - b. biografi
 - c. riwayat hidup panulis
 - d. kahanan masarakat
9. Crita kang ana gayutane karo dumadine sawijining panggonan diarani
 - a. sage
 - b. legendha
 - c. mitos
 - d. fabel
10. Idhe pokok kang dadi dhasar crita rakyat diarani
 - a. alur
 - b. latar
 - c. tema
 - d. amanat
11. Geguritan kaperang dadi . . . jinis
 - a. 1
 - b. 2
 - c. 3
 - d. 4

12. Geguritan iku klebu karya sastra sing asale saka
- Kalimantan
 - Sumatra
 - Jawa
 - Papua
13. Ing ngisor iki klebu titikane geguritan, kajaba
- isine mentas
 - lumrahe nganggo purwakanthi ing ukara-ukarane
 - sawetara migunakake tembung-tembung Kawi
 - migunakake basa baku
14. Supaya mangerteni isine geguritan, sing pisanan ditindakake yaiku
- negesi saben larik
 - nggoleki purwakanthi basa
 - negesi tembung angel
 - nggatekake panganggit

Geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 15-17

Wayah Panen
Dening Rangga Mahardika

Angin alon midid sumilir
Amiyak godhong lan damen
Pari kuning isi mentas
Manthuk-manthuk medhep ibu pertiwi
Girang gumuyu para tani
Kringet mili wus dilali
Panase srengenge krasa adhem
Awit panen wus tumata nyata

15. Damen iku arane wit
- pari
 - jagung
 - kacang
 - tela
16. Sing arep panen iku para
- bakul
 - tani
 - bocah
 - nelayan
17. “*Girang gumuyu para tani*”
Kosok baline tembung girang, yaiku
- seneng
 - bungah
 - sedhih
 - bagya

18. Maca geguritan iku klebu perangane maca ...
- endah
 - batin
 - cepat
 - balapan
19. Yen isine geguritan iku sedhih, polatane sing maca kudu
- katon seneng supaya ngrungokake melu seneng
 - katon bungah supaya sing ngrungokake melu bungah
 - katon semangat supaya sing ngrungokake melu semangat
 - katon sedhih supaya sing ngrungokake melu sedhih
20. Kelap-kelip kae cahyane
Metu nyenengake ati lan kadhang kala medeni
Kewan iki ana sunare
Cilik tur endah nalika miber
- Pethikan geguritan ing dhuwur nggambarake kewan
- konang
 - parkit
 - kupu-kupu
 - walang sangit
21. Aksara Jawa wis ana wiwit abad ... M
- 16
 - 17
 - 18
 - 19
22. Aksara carakan cacahé ana
- 18
 - 19
 - 20
 - 21
23. Saben aksara carakan mesthi nduweni ... kanggo paten aksara sadurunge
- pasangan
 - sandhangan
 - pada
 - pepet
24. Cacahé aksara Jawa padha karo cacahé untu, mula diarane aksara
- carakan
 - hanacaraka
 - legena
 - dentawyanjana

25. Pasangan kasara Jawa iku cacahé ana
- 10
 - 15
 - 20
 - 25
26. Aksara Jawa iku dipercaya ana gandheng cenenge karo cerita rakyat
- Dumadine Rawa Pening
 - Legedha Candhi Prambanan
 - Aji Saka
 - Asal-Usul Wonogiri
27. Pasangan kang wujudé ora padha persis karo aksara carakane, yaiku
- ra
 - ya
 - ma
 - ga
28. Aksara carakan kang pasangane manggon jejé ora neng ngisor aksarane, kajaba
- ha
 - sa
 - pa
 - la
29. Ing ngisor iki sing klebu sandhangan wyanjana, yaiku
- cakra
 - wulu
 - keret
 - wignyan
30. ᮘᮞ᮪ tembung iki, latine yaiku
- sapi
 - tani
 - bathi
 - lathi